



# Elimine Mit konsènan Transmisyon Epatit B



Epatit B pa pwopaje atravè kontak okazyonèl.

Si ou menm oswa yon moun ou konnen gen epatit B, ou pa bezwen enkyete pou:




Pataje repa



Kenbe men



Bay timoun tete



Pataje menm dlo  
(nan gode oswa  
nan douch)



Touse oswa  
estènen



Akolad oswa  
bo

Konnen enfomasyon konsènan epatit B epi  
ede konbat estigma.

# Kesyon komen sou Epatit B

Ou gen kesyon sou epatit B? Kontinye li pou w aprann kèk kesyon komen ak repons yo

" Si m pa gen sentom, èske m ka gen epatit B?"

Wi. Pi fò moun ki gen epatit B pa gen okenn sentom. Kèk fwa sentom konn pran plizyè dizèn pou yo parèt! Fè tès enpòtan, kit ak oswa san sentom.

" Gen gerizon pou epatit B?"

Non, li pa gen gerizon men li ka trete. Tout remèd fèy ki pwomèt yon gerizon manti. Tretman efikas e san danje yon doktè preskri ka ede w rete an sante. Gen resous ki pou ede w kouvri depans yo si w pa gen asirans sante.

" Eske li pa danje pou m pase tan ak moun ki gen epatit B?"

Wi, li san danje. Epatit B paka pataje okazyonèlman atravè manje, dlo, bay tete, touse, estènen, akolad, bo oswa kenbe men. Moun ki gen epatit B ka toujou marye, gen pítit, e al travay.

" Si m pa t janm fè anyen k riske, èske m ka toujou gen epatit B?"

Wi. Pi fò moun ki gen epatit B pran l depi lè yo tibebe oswa timoun. Epatit B pa asosye sèlman ak konpòtman riske. Nenpòt moun ka pran epatit B, paske li se youn nan enfeksyon ki pi komen nan tout mond lan.

" Lavi m pral chanje anpil si m gen epatit B?"

Non, li pa oblige. Ou ka toujou viv yon long e yon vi an sante avèk epatit B. Vizite doktè w 1-2 fwa pa ane, pran medikaman e viv yon estil vi ki an sante san alkòl ak tabak ka diminnye risk ou pou kansè nan fwa.

" Eske m riske si epatit B a paka transmèt okazyonèlman?"

Wi, Ou ka toujou riske. Epatit B ka pataje nan nesans, kontak san, likid seksyèl, pataj materyèl iijyenik familyal (razwa, bwòs dan, elatriye.), ak egwi ki pa esterilize nan paramèt swen sante, menm jan ak tatou e pèsing.

Epatit B pa sèlman afekte yon pati moun, e li se yon enfeksyon komen. Se pa yon pinisyon pou move konpòtman e NENPÒT moun ka gen epatit B. Li enpòtan pou w aprann estati epatit B ou. Konn enfòmasyon yo, fè tès, epi pran vaksen ka pwoteje ou ak moun ou renmen yo kont epatit B!